

KONDISYON POU KAT DEBI KI PEYE DAVANS

Kondisyon pou kat debi ki peye davans sa yo ("Kondisyon") mache ak pwogram asirans chomaj eta Florid la. Yo montre fason ou ka sèvi ak kat debi ki peye davans ou resevwa nan kad pwogram asirans chomaj eta Florid la ("Kat"). Se Wells Fargo Bank N.A. (nou rele l "Bank," "nou" oswa "nou menm" nan dokiman sa a) k ap ba w Kat la nan non eta Florid la, nan kad Depatman asirans chomaj eta Florid la ("Eta"). Nan Kondisyon sa yo, "mèt kat la", "ou menm" ak "ou" deziyen moun ki resevwa Kat la oswa moun nou mete Kat la a dispozisyon I lan. Conduent State & Local Solutions, Inc. se konpayi ki responsab jere pwogram nan pou Kat la.

Se selon enstriksyon Eta a bay yo Bank lan ap bay mèt kat la Kat la. SI OU PA VLE AKSEPTÉ PEMAN PA MWAYEN KAT LA, TANPRI FÈ ETAA KONN SA TOUSUIT. Lè w chwazi Kod PIN ou a epi ou aktive Kat la ann akò avèk enstriksyon ki mache ak Kondisyon sa yo, ou montre ou dakò pou respekte Kondisyon sa yo. Lè w sèvi ak Kat la, se yon lòt fason ou montre ou dakò ak Kondisyon sa yo.

Bank lan gen posiblite pou I refize bay Kat la oswa pou I pa mete Kat la a dispozisyon yon moun pou kèlkeswa rezon an, selon sa lalwa pèmèt li fè a.

1. KAT OU AK LAJAN OU KA JWENN ATRAVÈ KAT LA.

Kat la se yon kat ki peye davans li ye. Kat la mache ak yon kont ki peye davans ki gen yon objektif limite. Se sou kont sa a yo mete lajan ki disponib sou Kat la ("Kont Kat"). Se sèlman si w respekte Kondisyon sa yo ou gen dwa pou gen aksè ak lajan ki sou Kont Kat la. Ou pa ka resevwa ni fè okenn depo, tiraj oswa okenn lòt tranzaksyon ak Kat la oswa ak Kont Kat la anplis tranzaksyon Kondisyon sa yo dekri yo. Kat ou a ka rechaje. Eta a gen posiblite mete lajan sou Kont Kat la detanzantan, depi I vle fè sa. Men, se sèl Eta a ki kapab mete lajan sou Kont Kat la. Ni ou menm ni okenn lòt moun pa ka mete lajan sou Kont Kat la.

Bank lan kenbe lajan ki sou Kont Kat la epi Federal Deposit Insurance Corporation nan ("FDIC") trete lajan sa a kòm yon "depo". Y ap ajoute lajan sa a sou nenpòt lòt depo ou genyen nan menm kategori sa a nan Bank lan, epi FDIC ap asire balans total la selon sa lalwa pèmèt la.

Bank lan pa peye enterè sou lajan ki nan Kont Kat la. Se kantite lajan ki parèt nan dènye enfòmasyon nou genyen yo kòm kantite lajan ou ka itilize a oswa ou ka retire a ki pral detèmine balans ki disponib nan Kont Kat la.

Ou dwe gen ase lajan ki disponib nan moman ou fè yon tranzaksyon ak Kat la pou peye pou tranzaksyon sa a. Si yon komèsan, yon operatè ATM oswa yon pwopriyetè ATM eseye voye nou yon tranzaksyon pou yon kantite lajan ki plis pase balans ki disponib la, anjeneral nou refize tranzaksyon an. Sepandan, si Bank lan ta peye pou yon tranzaksyon ki fèt ak Kat la, lèfini tranzaksyon sa a tè balans lan vin negatif, ou dakò pou peye Bank lan yon kantite lajan ki korespon ak balans ki negatif la tousuit. Bank lan ka retire balans negatif la sou nenpòt lajan ki depoze sou Kont Kat la pi devan. Epitou, ou bay Bank lan otorizasyon pou li kontakte yon komèsan pou anile nenpòt peman ki te otorize davans sou Kat la, selon tout dispozisyon ki nan seksyon 7 ki pi ba a nan Kondisyon sa yo, si ou menm oswa Bank lan ta fèmen oswa anile Kont Kat la.

Tanpri sonje si balans Kont Kat la rive nan yon limit Bank lan fikse, Bank lan gen dwa pou I kontakte w atravè kowòdone (imèl, telefòn oswa adrèς) ki nan dosye Bank lan genyen pou ou a. Nou gendwa rekòmande w mete lajan nan yon kont ki fèt pou kenbe balans yo (tankou yon kont depay). Bank lan gen dwa, si I vle, pou I voye yon chèk ba w pou nenpòt pòsion oswa pou tout lajan ki nan Kont Kat la nan dènye adrèς li genyen pou ou a nan dosye I yo.

2. NIMEWO IDANTIFIKASYON PÈSONÈL OU; SIYATI SOU KAT LA.

Ou pral chwazi yon nimewo idantifikasyon pèsònèl ("Kod PIN") lè w aktive Kat la. W ap oblige gen Kod PIN nan pou fè tranzaksyon ak Kat ou a nan ATM. Mete sou sa, ou ka bezwen sèvi ak Kod PIN nan pou fè yon acha nan yon tèminal kote yo aksepte Kod PIN yo (tanpri gade seksyon 4 nan Kondisyon sa yo pou jwenn plis enfòmasyon sou tranzaksyon ki fèt ak Kat la). Ou pa dwe fè pèsonn konn Kod PIN ou a. Si ta vin gen yon pwoblèm an rapò ak sekirite oswa ak konfidansyalite Kod PIN ou a, ou dwe fè Bank lan konn sa tousuit (gade seksyon 22 nan Kondisyon sa yo pou jwenn kowòdone nou yo).

Ou ta dwe siyen kote ki pou siyen an nan do Kat ou a kou w resevwa li pou pwoteje Kat ou pou moun pa sèvi ak li san otorizasyon. Sepandan, jan Kondisyon sa yo montre sa, kit ou siyen Kat la, kit ou pa siyen I, ou toujou gen menm responsabilite pou tout tranzaksyon ki fèt ak Kat la.

3. WÒL ETA A.

Se responsabilite Eta a pou I bay Bank lan enstriksyon, detanzantan, sou kantite lajan li dwe mete nan Kont Kat la. Kou nou resevwa enstriksyon sa yo ak lajan nan men Eta a, epi nou mete lajan nan Kont Kat la pou mete li disponib pou ou, lajan sa a se pou ou. Sa vle di ou mèt sèvi ak Kat la ak Kont Kat la selon tout dispozisyon ki nan Kondisyon sa yo. Si jou nou resevwa lajan an pa yon jou biznis pou nou oubyen si nou resevwa lajan an apre dènye lè nou fikse pou trete tranzaksyon yo, se nan kòmansman pwochen jou biznis nou lajan sa a ap disponib. Pou Kat sa a, chak jou se yon jou biznis, eksepte samdi, dimanch ak jou ferye federal yo. Si w resevwa yon Kat, men Eta a pa transfere lajan ban nou, ou ka pa gen aksè ak lajan. Anplis, si ou ta resevwa aksè ak lajan anvan Eta a voye I bay Bank lan, lèfini nou pa resevwa lajan an, nou ka anile nenpòt lajan nou te mete a dispozisyon w annatandan nan Kont Kat la, kit nou fè w konn sa, kit nou pa fè w konn sa. Eta a gen dwa pou I retire nan lajan ki deja sou Kont Kat la pou I korije nenpòt erè, pou I konpanse yon peman ou te resevwa ki twòp, oswa pou lòt rezon ann akò ak lwa ki aplikab yo. Ou bay Bank lan otorizasyon pou aksepte enstriksyon nan men Eta a pou ajoute oswa pou retire nan lajan ki nan Kont Kat la, epi nan ka kote se retire lajan dwe retire, pou remèt lajan sa a bay Eta a (eksepte si se Bank lan ki te mete lajan a dispozisyon w, kote lajan an ap retounen nan Bank lan). Si w ta gen yon dezakò ak Eta a sou kantite lajan Eta a mande Bank lan mete oswa retire nan Kont Kat ou, ou dakò pou pa mete Bank lan nan dezakò sa a e pou regle sa dirèkteman ak Eta a.

Si Eta a te bay Bank lan yon adrèś pou mèt kat la lè w te kòmande Kat la, tout komunikasyon, enfòmasyon ak avi ki gen rapò ak Kat la pral nan adrèś ki parèt nan dosye nou yo. Si w vle chanje enstriksyon livrezon pou komunikasyon ak avi Bank lan ta bezwen voye w konsènan Kont Kat la, tanpri kontakte Eta a dirèkteman. Nan kék sikorans, Eta a ka ban nou yon nouvo adrèś pou mèt kat la, epi se adrèś sa ki pral adrèś ou nan dosye nou yo. Si w ta chanje adrèś, se responsabilite w pou fè Eta a konn sa rapid.

4. TRANZAKSYON KI FÈT AK KAT OU.

Ou pa dwe sèvi ak Kat ou a pou okenn rezon ki pa legal. Ou dakò pou pa sèvi ak Kat ou oswa ak Kont Kat ou pou okenn tranzaksyon ki pa legal anba lwa ki aplike sou Kat ou ak Kont Kat ou. Bank lan gen dwa pou li refize tranzaksyon ki fèt ak komèsan ki sanble nan biznis jwèt aza sou Entènèt, ki idantifye tèt yo konsa nan enfòmasyon ki mache avèk transaksyon ki fèt ak Kat la, oswa k ap travay nan jan de biznis sa yo. Bank lan ka limite kantite otorizasyon li pèmèt pandan yon peryòd tan. Bank lan gen dwa pou li refize sèten tranzaksyon pou nenpòt rezon, tankou lè pa gen lajan sou kat la, lè li sispekèn yon fwod oswa yon aktivite ilegal k ap fèt, oswa pou nenpòt bagay ki montre tranzaksyon an mache ak plis risk (tankou pou yon otorizasyon ki depase yon limit Bank lan te fikse pou rezon sekirite). Pou rezon sekirite, Bank lan pa kapab bay detay sou fason sistèm otorizasyon an fonksyone. Ou dakò Bank lan pap responsab si I pa bay yon otorizasyon. Si Bank lan pa bay otorizasyon an, li ka fè moun ki t ap eseye fè tranzaksyon an konnen li refize tranzaksyon an.

Ou ka sèvi ak Kat ou a pou jwenn aksè ak lajan ki nan Kont Kat la. Tranzaksyon ki fèt ak Kat la ap diminye balans ki sou Kont Kat la. Tanpri gade lis tarif yo nan seksyon 24 nan Kondisyon sa yo pou konnen ki tarif ki aplike pou tranzaksyon sa yo epi gade seksyon 23 nan Kondisyon sa yo pou konnen limit ki aplike pou tranzaksyon sa yo. Gen kék sèvis ki ka pa disponib tout kote. Depi gen ase lajan ki disponib nan Kont Kat ou a, ou ka sèvi ak Kat la, ann akò ak Kondisyon sa yo, pou fè kalite tranzaksyon sa yo:

- Nan yon gichè otomatik ("ATM") ki montre logo yon rezo Bank lan patisipe nan li a, ou ka sèvi ak Kat ou a pou (i) fè tiraj lajan kach nan kantite dola antye, nan fason ki disponib nan ATM lan ak selon limit sou kantite lajan operatè oswa pwopriyetè ATM lan mete pou moun retire lajan, oswa (ii) jwenn enfòmasyon sou balans Kont Kat la. Ou ka sèvi ak Kat la nan ATM nan Etazini oswa nan lòt peyi. Kék nan sèvis sa yo ka pa disponib nan tout ATM.
- Ou ka sèvi ak Kat ou a pou achte machandiz ak sèvis nan men nenpòt komèsan k ap patisipe e ki afiche senbòl yon rezo Kat la patisipe nan li a. Li ka nesesè pou sèvi ak Kod PIN ou nan tèminal vant kote yo aksepte Kod PIN yo. Epitou, ou ka sèvi ak Kat ou avèk Kod PIN ou pou jwenn lajan kach nan kote ki afiche logo yon rezo Bank lan patisipe nan li a.
- Ou ka sèvi ak Kat ou pou pran kantite lajan kach ou genyen ki disponib nan gichè nenpòt sikisal Bank lan, oubyen nan nenpòt lòt bank oswa sendika kredi ki bay kat kredi oswa kat debi ki gen menm logo rezo ki sou Kat ou a.
- Ou ka sèvi ak Kat ou pou peye bòdwò nan telefòn, sou Entènèt, oswa atravè tranzaksyon debi ki otorize davans. Yo gendwa mande w peye pou sèvis sa a. Tanpri tcheke sa ak konpayi w ap peye a.
- Si lis tarif la endike ou ka sèvi ak Kat ou pou transfere lajan sou lòt kont, ou ka transfere lajan ki sou Kat la sou Entènèt pou voye I sou nenpòt kont depo ou genyen nan peyi Etazini nan yon enstitusyon finansye ameriken ki gen yon nimewo wouting ak yon nimewo kont. Ou pa ka sèvi ak Kat la pou transfere lajan sou kont lòt moun. Ou pa otorize pou transfere lajan sou kont ki nan lòt peyi.

Pre-otorizasyon

Yon "Pre-otorizasyon" vle di Bank lan bloke enpe oswa tout lajan ki sou Kont Kat ou a pou yon ti tan. Sa rive lè n ap otorize yon tranzaksyon ou fè ak Kat la kay yon komèsan. N ap retire lajan nou bloke a sou balans ki disponib la. Nou ka mete yon Pre-otorizasyon sou Kont Kat ou a pou jiska 3 jou biznis (oswa pou jiska 30 jou biznis pou kék kalite tranzaksyon ki fêt ak Kat la, sa ki gen lajan, san sa pa limite ak sa yo, tranzaksyon pou lokasyon machin, tranzaksyon lajan kach ak tranzaksyon enténasyonal) apati dat otorizasyon an oswa jiskaske nou peye tranzaksyon an sou Kont Kat ou. Sepandan, si komèsan an pa voye tranzaksyon an pou nou peye i nan tan nou ba li a, n ap retire Pre-otorizasyon an. Sa vle di balans ki disponib la ap ogmante jiskaske komèsan an voye tranzaksyon an pou nou peye i e jiskaske i parèt nan Kont Kat ou. Si sa rive, fòk nou respekte otorizasyon nou te bay davans lan e n ap peye tranzaksyon an ak Kont Kat ou. Nan kék sitiyyason, montan nou bloke a kapab diferan ak montan tranzaksyon reyèl la paske komèsan an gendwa pa kantite total ou pral depanse a. Pa egzanp, (i) yon restoran voye yon demann otorizasyon pou manje w anvan ou ajoute yon tep, oswa (ii) lè w peye nan ponp lan nan yon estasyon gazolin, demann otorizasyon an ka rive nan \$75 (se kantite lajan maksimòm nou genyen pou jan de demann sa yo, byenke li ka ogmante alavni) menmsi sa w depanse a mwens pase kantite sa a (pou nou pa bloke lajan e pou evite lòt tranzaksyon ou t ap fè annapre yo refize akoz sitiyyason sa a, se pou w peye anndan estasyon gazolin nan).

Remak: menmsi nou konn refize tranzaksyon ki plis pase balans ki disponib la, li positif pou w sèvi ak plis kòb pase sa ki sou Kont Kat la menm lè balans ou montre ou gen ase kòb pou fè tranzaksyon an. Pa egzanp, si yon komèsan pa voye yon tranzaksyon pou nou peye l sou 3 jou biznis apre otorizasyon an (oswa sou 30 jou biznis pou kék kalite tranzaksyon, tankou lokasyon machin, lajan kach ak tranzaksyon enténasyonal), nou dwe retire Pre-otorizasyon an pou tranzaksyon an menmsi n ap gen pou n egzekite tranzaksyon an pi devan. Se lè nou resevwa demann peman an pou tranzaksyon an nou pral peye l ak lajan ki nan Kont Kat ou a. Ou ta dwe note tout tranzaksyon ou fè yo epi suiv yu pou konfime si balans ki disponib la koresponn ak fason ou sèvi ak lajan ki sou Kont Kat ou a.

Bagay ou achte ki depase balans ki sou Kat ou

Anjeneral, ou pa dwe sèvi at Kat ou pou fè yon tranzaksyon pou yon kantite lajan ki plis pase balans ki disponib la, selon enfòmasyon Bank lan genyen yo, nan moman w ap fè tranzaksyon an. Ou ka gen possiblité sèvi ak Kat ou pou peye yon pòsyon nan sa w ap achte a si sa w ap achte a koutre plis pase balans ki disponib la, depi komèsan an pèmèt moun ki achte yo sèvi ak plizyè metod peman pou peye pou sa y ap achte a. Gen kék komèsan ki pèmèt tranzaksyon sa yo separe konsa sèlman si dezyèm metod peman an se lajan kach oswa chèk. Piò komèsan sou Entènèt ak komèsan pa korespondans pa pèmèt jan de tranzaksyon sa yo. Bank lan pa garanti komèsan an pral aksepte de metod peman. Ou dwe konnen ki balans ou genyen ki disponib anvan ou fè yon tranzaksyon ki separe konsa (gade seksyon 9 nan Kondisyon sa yo pou konnen ki jan ou ka jwenn enfòmasyon sou balans ou).

5. TRANZAKSYON NAN PEYI KI PA ETAZINI.

Si w sèvi ak Kat ou pou fè yon tranzaksyon nan yon peyi ki pa Etazini, rezo a oswa komèsan k ap jere tranzaksyon an ap konvèti lajan ki nan monnen lokal la an dola ameriken. Si rezo a konvèti lajan an, li pral sèvi ak yon to chanj rezo a chwazi a pamit tout to chanj ki disponib nan mache chanj deviz pou pwofesyonèl yo nan dat li trete tranzaksyon an, menmsi to chanj sa a diferan ak to chanj rezo a resevwa a, oswa li pral sèvi ak to chanj gouvèman an mande a ki anvigè nan dat li trete tranzaksyon an. Si se komèsan ki te vann ou sa w te achte a ki konvèti lajan an, se li ki pral detémune to chanj lajan an. Tanpri gade lis tarif yo nan seksyon 24 Kondisyon sa yo pou konnen tarif ki aplike pou tranzaksyon ki fêt nan peyi ki pa Etazini.

6. LITIJ AK KOMÈSAN.

Si w sèvi ak Kat ou pou achte yon bagay nan men yon komèsan, lèfini ou vin gen yon litij ak komèsan an, ou dakò pou fè yon bonjan efò pou rezoud litij la ak komèsan an. Ou ka voye nou nenpòt litij ou pa t rive rezoud pa ekri pou nou ede w regle li nan adrès ki nan seksyon 22 nan Kondisyon sa yo. Sof nan kad dispozisyon pou peman ki otorize davans yo ki nan Kondisyon sa yo, ou pa ka anpeche yon komèsan resevwa yon peman pou yon tranzaksyon ou tè fè ak Kat la.

7. PEMAN KI OTORIZE DAVANS.

Si w te di nou pou nou sèvi ak lajan ki sou Kont Kat ou a pou nou fè yon seri peman regilye, ou ka kanpe nenpòt nan peman sa yo. Men ki jan ou ka fè sa:

Rele nou oswa ekri nou nan nimewo/adrèses ki endike nan seksyon 22 nan Kondisyon sa yo. Fòk nou resevwa demann ou an sou 3 jou biznis oswa plis anvan peman an sipoze fêt. Si w rele, nou ka mande pou w konfime demann ou pa ekri sou 14 jou apre w fin rele. Si w mande nou pou nou kanpe yon peman nan telefòn, lèfini ou pa voye nou konfirmasyon nou mande a pa ekri sou 14 jou, nou pap gen pou n respekte demann ou te fè a.

Si peman regilye sa yo pa toujou gen menm montan, moun ou pral peye a pral di w konbyen kòb li pral ye ak ki lè pou peye 10 jou anvan chak peman. (Ou ka chwazi resevwa avi sa a sèlman lè peman an ap diferan ak dènye peman an pou plis pase yon sèten kantite lajan, oswa lè kantite lajan an ta depase limit ou te gentan fikse a.)

Si w mande nou kanpe youn nan peman sa yo sou 3 jou biznis oswa plis anvan transfè a sipoze fêt, lèfini nou pa fè sa, se nou ki responsab pou pèt oswa domaj ou sibi yo.

8. KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON YO.

Regleman konfidansyalite Bank lan montre fason Bank lan trete ak fason li pwoteje enfòmasyon pèsonèl li jwenn pandan l ap ba w sèvis an rapò ak Kat ou a. Bank lan ap ba w yon kopi regleman konfidansyalite a lè li ba w Kat la. Ou ta dwe li regleman konfidansyalite sa a epi kenbe yon kopi nan dosye w yo. Regleman konfidansyalite a ap disponib pou ou chak ane sou fòma elektwonik nan limit lalwa pèmèt sa.

Anjeneral, san konsantman w, nou pap bay okenn lòt moun enfòmasyon sou Kont Kat ou, sou Kat ou, oswa sou tranzaksyon ou fè ak Kat ou. Sepandan, nou gendwa fè l kanmenm nan sikostans sa yo: (i) kote sa nesesè oswa awopriye pou egzekite transfè oswa lòt tranzaksyon; (ii) pou respekte yon lwa, yon reglemantasyon oswa yon règ, oswa si lalwa egzije li oswa pèmèt li; (iii) an rapò avèk egzamen otorite eta a ak otorite federal k ap siphèvize bank yo ap fè yo; (iv) pou respekte nenpòt pwosedi jidisyè, tankou, san pa gen limit nan sa, pou yon sitasyon, yon manda oswa yon lòt lòd ki soti nan yon ajans gouvèman an oswa nan yon tribunal; (v) pou verifye si Kont Kat ou oswa si Kat ou egziste e pou verifye kondisyon Kont Kat ou oswa Kat ou pou yon lòt moun, tankou pou yon biwo kredi oswa yon komèsan; (vi) pou bay representant legal ou oswa siksèsè legal ou enfòmasyon; (vii) pou rapòte yon anilasyon enveloplèt oswa yon revokasyon enveloplèt Kont Kat ou oswa Kat ou; (viii) lè nou wè yon divilgasyon ap nesesè pou pwoteje w oswa pou pwoteje Kont Kat ou, Kat ou oswa enterè nou yo; (ix) lè nou voye yo bay ajan nou yo, moun oswa konpayi endependant k ap travay pou nou yo ak lòt representant an rapò avèk jesyon oswa tretman Kont Kat ou, Kat ou, oswa tranzaksyon li yo, oswa nan objektif ki sanble ak sa yo; (x) lè nou voye yo bay bank ak konpayi ki afilye ak nou yo; oswa (xi) si w ban nou pèmisyón w pou sa.

9. RESI NAN ATM; FASON POU JWENN ENFÒMASYON SOU TRANZAKSYON AK BALANS KI DISPOSIB.

Chak fwa ou sèvi ak ATM nan pou fè yon transfè elektwonik, w ap jwenn yon resi, sof si w chwazi pa pran l. Resi ou resevwa a se prèv tranzaksyon ou te fè a jan ATM nan anrejistre l la. Tout tranzaksyon yo ap anrejistre sou Kont lan, yo dwe gen yon peman final e nou gendwa verifye yo, si sa nesesè. Resi w la ka gen enfòmasyon sou balans ki disponib la.

Pou jwenn enfòmasyon sou balans ki rete a, ou mèt rele nimewo nou an, jan li parèt nan seksyon 22 nan Kondisyon sa yo. Yon lòt fason ou ka jwenn enfòmasyon sa a se mande balans lan nan yon ATM. Mète sou sa, enfòmasyon sa a, ansanm ak yon lis tout tranzaksyon ki te fèt sou Kont Kat ou pou 12 dènye mwa yo, disponib sou Entènèt nan EPPICard.com.

Epitou, ou gen dwa pou jwenn yon lis tout tranzaksyon ki fèt sou Kont Kat ou nan 24 dènye mwa yo. Pou w jwenn li, rele nou oswa ekri nou nan nimewo/adrèses ki nan seksyon 22 nan Kondisyon sa yo. Depi w pa mande nou sa plis pase yon sèl fwa pa mwa, ou pap gen pou peye pou jwenn enfòmasyon sa yo.

Ou ka enskri sou EPPICard.com gratis pou resevwa notifikasyon nan imèl, pa telefòn oswa nan tèks mesaj lè yo depoze lajan sou Kont Kat ou a e pou resevwa notifikasyon nan imèl oswa nan tèks mesaj si gen lòt evènman ki rive. Ou ka enskri tou nan sistèm repsons vwa entè-aktif la (IVR) nan nimewo telefòn ki endike nan seksyon 22 nan Kondisyon sa yo, pou resevwa yon notifikasyon pa telefòn lè yo depoze lajan nan Kont Kat ou a. Ou ka sispann resevwa notifikasyon sa yo nenpòt lè atravè metod (entènèt oswa IVR) ou te itilize pou enskri a. Nou pap janm mande w peye pou resevwa notifikasyon sa yo. Se ou menm ki responsab pou tout sa konpayi telefòn nan oswa founisè sèvis Entènèt la ta mande w peye.

10. RESPONSABLITE W LÈ YON MOUN SÈVI AK KAT OU SAN OTORIZASYON; SA POU FÈ SI W TA PÈDI KAT OU OSWA KÒD PIN OU OSWA SI YO TA VÒLÈ L NAN MEN W

Pwoteksyon zewo responsablite

Kat ou a mache ak pwoteksyon zewo responsablite pou tranzaksyon ki fèt san otorizasyon, depi ou rapòte sa rapid. Avèk pwoteksyon zewo responsablite a, si w ta pèdi Kat ou oswa nimewo Kat la, oswa si yo ta vòlè l nan men w e yo ta sèvi avè l san pèmisyón w, ou dwe fè nou konn sa tousuit (gade seksyon 22 nan Kondisyon sa yo pou jwenn kowòdone nou yo). Si w fè sa, ou pap responsab pou okenn tranzaksyon ki fèt san otorizasyon ak Kat ou a oswa ak nimewo Kat ou a. Pwoteksyon zewo responsablite nou ba w la ale pi lwen pase sa reglemantasyon E egzije a (gade dispozisyon sou komunikasyon ki sipoze fêt anba reglemantasyon E anba a nan seksyon 10 sa a).

Yon "tranzaksyon san otorizasyon" se yon tranzaksyon ki pa benefisyè w yon moun fè san w pa t ba li otorizasyon w aklè oswa san pa gen rezon ki pou ta fè l'ipoze ou ba li otorizasyon w.

- Si w fè nou konnen gen yon tranzaksyon ki fèt san otorizasyon w sou 60 jou apre lis tranzaksyon w yo montre tranzaksyon ki fèt san otorizasyon w lan, w ap resevwa yon pwoteksyon pou pèt ou sibi yo.
- Si w fè nou konnen gen yon tranzaksyon ki fèt san otorizasyon w apre delè 60 jou sa a, nou gendwa pa ranbouse w pou tranzaksyon ki fèt san otorizasyon an. Ou ka gen pou prezante dokiman ki kore reklamasyon w lan, tankou yon deklarasyon sou sèman kote ou di se san otorizasyon w yo te sèvi ak Kat la ak yon konsta lapolis. Mete sou sa, nou gen pou n chèche konnen si se yon neglijans ou te fè ki ka lakòz tranzaksyon ki fèt la.

Men kèk bagay nou pa considere kòm tranzaksyon san otorizasyon anba pwoteksyon zewo responsablite a, sa ki vle di ou responsab pou jan de tranzaksyon sa yo:

- Iè se mèt kat la oswa yon moun mèt kat la otorize, oubyen yon lòt moun ki gen yon enterè oswa ki otorize pou l'fè tranzaksyon sou Kont Kat la, ki fè tranzaksyon an;
- Iè se yon moun ou te otorize pou l'itilize Kat ou, menmsi moun sa a fè plis pase sa w te otorize l'fè a, ki fè tranzaksyon an;
- Iè komèsan an te fè yon erè nan tranzaksyon an, oubyen si w pa satisfè ak machandiz oswa ak sèvis ou te achte a. Nan ka sa yo, se pou w kontakte komèsan an dabbò pou rezoud sitiyasyon an.

Nan ka erè oswa si w gen kesyon konsènan yon transfè lajan elektwonik ou te fè

Rele nou nan 1-888-898-3584 (oswa nan 711 pou moun ki gen pwoblèm tandem) oswa ekri nou nan adrès Customer Account Services, P.O. Box 245997, San Antonio, Texas 78224-5997 TOUSUIT si w panse gen yon erè nan Kont Kat ou a. Nou oblige ba w yon delè 60 jou pou rapòt yon erè apre dat ou aksede ak Kont Kat ou a elektwonikman, depi w te ka wè erè a nan lis tranzaksyon sou fòma elektwonik la, oswa apre dat nou te voye w PREMYE lis tranzaksyon kote erè a te parèt la, si dat sa a tonbe anvan premye dat la. Ou ka mande resevwa yon lis tout tranzaksyon w yo pa ekri nenpòt lè. Pou fè sa, rele nou oswa ekri nou nan nimewo/adrès ki nan seksyon 22 nan Kondisyon sa yo. Ou pral bezwen di nou:

- Non w ak nimewo Kat la.
- Rezon ki fè ou panse gen yon erè ak kantite lajan ki konsène a.
- Apeprè ki lè erè a te fèt.

Si se nan telefòn ou kontakte nou, nou gendwa mande w voye plent ou oswa kesyon w pa ekri sou 10 jou biznis.

N ap detèmine si se toutbon yon erè te komèt sou 10 jou biznis apre w kontakte nou, epitou n ap korije erè a rapid. Sepandan, si nou bezwen plis tan, nou gendwa pran jiska 45 jou pou nou egzamine plent ou oswa kesyon w. Si nou deside fè sa, n ap ba w yon kredi sou Kont Kat ou sou 10 jou biznis pou kantite lajan ou panse ki gen erè a pou w kapab itilize lajan sa a pandan n ap egzamine sitiyasyon an. Si nou mande w pou voye plent ou oswa kesyon w pa ekri, lèfini nou pa resevwa li sou 10 jou biznis, nou gendwa pa ba w kredi sou Kont Kat ou.

Pou yon erè ki konsène yon nouvo Kont Kat, yon tèminal kote w te achte yon bagay oswa yon tranzaksyon ki kòmanse fèt nan yon peyi etranje, nou gendwa pran jiska 90 jou pou egzamine plent ou oswa kesyon w. Pou yon nouvo Kont Kat, nou gendwa pran jiska 20 jou biznis pou ba w kredi sou Kont Kat ou pou kantite lajan ou panse ki gen erè a.

N ap fè w konnen rezulta nou jwenn nan sou 3 jou biznis apre nou fin egzamine sitiyasyon an. Si nou detèmine pa t gen erè, n ap voye w yon eksplikasyon pa ekri sou sa. Ou kapab mande kopí tout dokiman nou te itilize pou egzamine sitiyasyon an.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou metòd nou suiv yo pou n rezoud erè yo, rele nou nan nimewo ki nan seksyon 22 nan Kondisyon sa yo.

Kominikasyon ki ipsoze fèt anba reglemantasyon E

Tanpri gade dispozisyon sou pwoteksyon zewo responsablite ki pi wo a nan seksyon 10 sa a pou konnen fason nou detèmine responsablite w pou tranzaksyon ki fèt san otorizasyon yo. Pwoteksyon zewo responsablite a ba w plis pwoteksyon pase pwoteksyon reglemantasyon E a prevwa nan ka tranzaksyon ki fèt san otorizasyon. Sepandan, anba reglemantasyon E, nou dwe kominiike w enfòmasyon sa yo tou:

Si w panse Kat ou, nimewo Kat ou oswa Kòd PIN ou pèdi oswa si w panse yo vòlè l'nan men w, oswa si w panse yon transfè elektwonik te fèt san pèmisyon w, fè nou konn sa TOUSUIT. Gade seksyon 22 nan Kondisyon sa yo pou jwenn kowòdone nou yo. Pi bon fason pou pèdi mwens lajan se ban nou yon koutfil. Ou te ka pèdi tout lajan ki nan Kont Kat ou a. Si w avèti nou sou 2 jou biznis apre ou fin aprann ou te pèdi Kat ou, nimewo Kat ou oswa Kòd PIN ou oswa apre ou fin aprann yo te vòlè l'nan men w, ou pa ka pèdi plis pase \$50 si yon moun te sèvi ak Kat ou, nimewo Kat ou oswa Kòd PIN ou san pèmisyon w.

Si w PA di nou sa sou 2 jou biznis apre ou fin aprann ou te pèdi Kat ou, nimewo Kat ou oswa Kòd PIN ou oswa apre ou fin aprann yo te vòlè l'nan men w, lèfini nou ka pwouve nou t ap gentan anpeche moun nan sèvi ak Kat ou, nimewo Kat ou oswa Kòd PIN ou san pèmisyon w si w te avèti nou, ou ka pèdi jiska \$500.

Epitou, si lis tranzaksyon w yo gen yon seri transfè ou pa t fè, tankou transfè ki fèt ak Kat la, ak nimewo Kat la, ak Kòd PIN nan, oswa lòt fason, fè nou konn sa tousuit. Si w pa di nou sa sou 60 jou apre nou te mete enfòmasyon sa yo a dispozisyon w, ou ka pa rejwenn okenn nan lajan ou te pèdi a apre 60 jou sa yo si nou ka pwouve nou ta gentan anpeche moun nan pran lajan an si w te fè nou konn sa pi bonè. Si gen bonjan rezon (tankou yon vwayaj ki dire anpil tan oswa si w te entène lopital) ki fè ou pa t ka di nou sa, na pwolonej delè sa a.

11. RESPONSABLITE BANK LAN.

Si nou pa fè yon transfè pou voye oswa retire lajan sou Kat ou a atan oswa si nou pa transfere kantite lajan nou te ipsoze transfere a selon Kondisyon yo, nou responsab pou pèt oswa domaj ou sibi yo. Sepandan, gen kèk eksepsyon. Pa egzanp, nou pap responsab si pa gen ase lajan sou Kont Kat la pou fè transfè a san se pa fot nou; si ATM kote w ap fè transfè a oswa yon lòt tranzaksyon pa gen ase lajan kach; si tèminal la oswa sistèm nan pa t fonksyon kòmsadwa, lèfini ou te gentan konn sa anvan ou te kòmanse transfè a oswa lòt tranzaksyon an; si yon sikorstants ki pa anba kontwòl nou (tankou dife oswa inondasyon) anpeche nou fè transfè a oswa lòt tranzaksyon an, malgre prekosyon rezonab nou te pran yo; si lalwa entèdi nou fè tranzaksyon an; oswa pou lòt eksepsyon ki mansyone nan akò nou pase avè w la.

12. DEKLARASYON SOU ABSANS LÒT RESPONSABLITE

Lè Bank lan ba w Kont Kat la, Kat la ak sèvis ki mache avèk yo, Bank lan refize tout devwa ak responsabilite ki pa mansyone aklè nan Kondisyon sa yo.

13. LAJAN SAN MÈT.

Nan kèk sikorstants, lalwa eta a egzije nou pou n remèt li balans ki sou nenpòt Kont Kat ki pa gen okenn aktivite, tankou tiraj, konsiltasyon balans, oswa nenpòt lòt kontak mèt kat la fè a, pou yon peryòd tan byen presi. Peryòd tan sa a nou dwe kite pase anvan nou ipsoze remèt eta a lajan an, ki rele dezerans, diferans nan chak eta. Ou dakò nou pa responsab pou nenpòt pèt ou ta sibi poutèt nou dispoze respekte lwa sa yo. Pou rejwenn lajan nou te remèt eta a, ou dwe depoze yon reklamasyon bay eta sa a.

14. REVOKASYON; FEN PWOBGRAM GOUVÈNMAN AN.

Kat la se pou Bank lan l'ap toujou ye epi ou dakò pou remèt Bank lan Kat la si l'la mande w sa. Nenpòt lè e san avètisman, Bank lan ka fèmen Kont Kat ou a epi revoke oswa anile Kat ou, mete fen nan Kondisyon sa yo epi mande w remèt Bank lan Kat ou. Pou mete fen nan Kondisyon sa yo nenpòt lè, annik remèt Bank lan Kat ou a. Si w toujou gen dwa pou resevwa lajan nan men Eta a, ou ta dwe kontakte Eta a tousuit epi mande l'pou l'voye w lajan yon lòt fason. Si ou menm oswa Bank lan ta fèmen Kont Kat la, sa pap afekte tranzaksyon ki te gentan fèt yo ni sa pap afekte obligasyon ou te genyen an rapò ak Kat la anvan revokasyon an. Lè Kont Kat la fèmen, Bank lan ap pran dispozisyon pou transfere w nenpòt lajan ki rete sou Kat Kont ou. Si pwogram Eta a ta fini, n ap fè w konnen sa pou w fè.

15. MODIFIKASYON.

Nou ka modifie Kondisyon sa yo (ale sou EPPICard.com pou konsilte Kondisyon ki ajou yo). Selon sa lalwa egzije a, n ap voye w yon avi pou fè w konnen modifikasyon ki fèt yo. N ap voye w li nan metòd ou te mete w dakò pou li a ak Bank lan oswa nan dènye adrès nou genyen pou ou nan dosye nou yo. Si w ta chanje adrès, se responsabilite w pou fè Eta a konn sa rapid.

16. SESYON.

Ou pa ka transfere ni sede Kondisyon sa yo bay lòt moun si Bank lan pa t gentan ba w konsantman li pou sa pa ekri. Nou ka sede dwa ak obligasyon nou yo anvè w anba Kondisyon sa yo san konsantman w e san nou pa avèti w.

17. POSIBLITE POU YON DISPOZISYON ANILE/ABSANS RENONSIYASYON.

Si yo ta konsidere nempòt nan dispozisyon ki nan Kondisyon sa yo kòm ilegal, san valè, oswa pa aplikab, pou kèlkeswa rezon an, n ap retire dispozisyon sa a nan Kondisyon yo san sa pa afekte ni validite ni aplikabilité dispozisyon ki rete yo. Si Bank lan pa egzije pou yon dispozisyon ki fè pati Kondisyon sa yo aplike egzakteman jan li parèt la, sa pa vle di Bank lan renonse ak dwa li genyen pou l egzije dispozisyon sa a oswa nempòt lòt dispozisyon aplike pi devan. Sepandan, si yon tribinal ta deklare youn nan dispozisyon ki nan seksyon 20 nan Kondisyon sa yo (Pwogram pou regle litij: akò arbitraj) ilegal, pa gen valè oswa pa aplikab, se tout seksyon an ki pap aplikab.

18. LWA KI APLIKE.

Kondisyon sa yo, Kont Kat la, Kat la ak tout tranzaksyon ki mache avè l yo anba lwa peyi Etazini e anba lwa eta South Dakota, selon sa ki aplikab la, san prensip dwa entènasyonal prive yo aplike lè plizyè lwa depaman youn ak lòt.

19. PWODESIS JIDISYÈ

Bank lan ka akspte epi aji selon nempòt pwodesis jidisyè li konsidere kòm valab, kit dokiman legal yo siyifye an pèsonn, pa lapòs oswa nan notifikasyon elektwonik, kèlkeswa kote Bank lan ye a. "Pwodesis jidisyè" a gen ladan I prelèvman, sezi, prelèvman enpo oswa òdonans pou retire enpo, enjonksyon, òdonans pwoteksyon, sitasyon, manda pèkizisyon, demann enfòmasyon ki soti nan yon ajans gouvènman an, konfiskasyon, aksyon pou pran sa k pou ou a oswa lòt pwodesis jidisyè ki gen rapò ak Kont Kat ou a.

20. PWODRAM POU REGLE LITIJ: AKÒ ABITRAJ

a. **Abitraj obligatwa.** Si w gen yon litij ak Bank lan, lèfini ou pa rive rezoud li alamyab, ou menm ak Bank lan dakò, depi ou menm oswa Bank lan ta mande sa, pou regle litij pa mwayan pwodesis abitraj ki mansyone nan seksyon sa a. Ou konprann e ou aksepte ou menm ak Bank lan renonse ak dwa nou genyen pou n mande yon pwosè devan jiri oswa devan yon jj nan yon tribal biblik. Sèl eksepsyon ki genyen nan akò abitraj sa a, se dwa ou menm ak Bank lan genyen pou nou regle yon litij devan yon tribal ki konpetan pou jije ti litij yo. Si ou menm oswa Bank lan pa soumèt anba abitraj obligatwa apre yon demann ki fèt legalman, moun ki pa soumèt la responsab pou tout depans lòt Pati a fè nan kad abitraj obligatwa a.

b. Litij. Yon litij se nempòt dezakò ki pa rezoud ant ou menm ak Bank lan. Sa gen ladan I tout dezakò ki gen rapò ak Kat la, ak sèvis ki mache avè l yo oswa ak tout sa ki fè pati Kondisyon sa yo, ki gen rapò ak fason ou sèvi ak sikisal oswa lokal Wells Fargo yo, oswa ki gen rapò ak mwayan ou itilize pou jwenn aksè ak Wells Fargo. Li gen ladan I tout demann ki fèt akoz yon angajman pa t respekte, yon kontra te kraze, yon fot te fèt oswa yon lòt move aksyon te komèt. Li gen ladan I tout demann ki chita sou lalwa, jirispridans ak lòt prensip legal. Epitou, yon litij ka yon dezakò sou siyifikasiyon, aplikasyon oswa aplikabilite akò abitraj sa a.

c. **Pwosedi abitraj; possilité pou yon dispozisyon anile.** Ou menm oswa Bank lan ka mande yon abitraj obligatwa pou regle yon litij nempòt lè, menmsi si yon pwosè oswa yon lòt aksyon lajistik gentan kòmanse. Ni ou menm ni Bank lan pap gen dwa pou nou mete plizyè litij ansanm ak abitraj la, kit se lòt moun ki kòmanse yo, kit se kont lòt moun nou kòmanse yo, ni pou nou mete yon litij nan yon abitraj antanke reprezentant oswa manm yon aksyon kolektif, ni pou nou aji nan yon abitraj nan enterè piblik la oswa antanke pwokirè jeneral. Se American Arbitration Association nan ("AAA"), oswa yon lòt administratè ou te deziyen ansanm ak Bank lan (kit se AAA, kit se yon lòt administratè nou toude dakò pou nou deziyen e k ap gen non "Administratè abitraj" nan dokiman sa a), k ap jere abitraj la e k ap chwazi abit la (yo) selon regleman ki rele Commercial Arbitration Rules and the Supplemental Procedures for Consumer Related Disputes ("Regleman AAA"). Si yon dispozisyon Regleman AAA a ta depaman ak yon dispozisyon akò abitraj sa a, se akò abitraj sa a k ap aplike. Abit la (yo) dwe manm bawo eta kote abitraj la fèt la e li dwe yon espè nan tout lwa ki aplikab ak sijè litij la. Okenn abit ni okenn lòt moun k ap patisiye nan yon pwosedi abitraj la pa gen dwa pou l fè lòt moun konnen abitraj la fèt, sa li gen ladan I lan oswa rezulta l yo, eksepte pou enfòmasyon li sipoze kominike nan kad aktivite pwofesyonèl li yo, oubyen si yon lwa oswa yon reglementasyon mande sa.

Ou menm ak Bank lan ("Pati" yo) dakò pou n di, nan relasyon sa a: (1) Pati yo ap patisiye nan yon seri tranzaksyon komèsyal ant plizyè eta; (2) abit la ap pran yon desizyon pou nempòt litij ki gen rapò ak aplikabilité akò abitraj sa a; epi (3) akò abitraj sa a ak nempòt abitraj ki fèt anba akò sa a anba dispozisyon ki nan lwa ki rele Federal Arbitration Act (tit 9 nan Kòd Etazini an) oswa, si yon dispozisyon ki nan lwa sa a ta pa aplikab, san valè oswa pa valid, se anba lwa eta South Dakota yo y ap ye. Si yo ta konsidere nempòt nan dispozisyon ki nan akò abitraj sa a an rapò ak yon aksyon kolektif, yon abitraj kolektif, yon aksyon pwokirè jeneral oswa yon lòt aksyon reprezentatif kote yo mete plizyè litij ansanm kòm ilegal oswa pa aplikab, dispozisyon sa a pap ka anile e se tout akò abitraj sa a ki pap aplikab.

d. **Dwa ki toujou la yo.** Akò abitraj sa a pa entèdi Pati yo pou yo egzèse dwa legal yo genyen yo oswa itilize lòt mwayan ki disponib yo pou prezève, likide oswa pran posesyon byen materyèl oswa byen pèsonèl yo, pou yo itilize mwayan ki disponib yo san asistans lòt moun, tankou dwa pou yo konpanse oswa pou yo rejwenn sa yo pèdi yo, oswa pou yo itilize lòt mwayan tanporè oswa mwayan akseswa ki disponib, tankou mande yon tribal ki konpetan òdone yon enjonksyon, yon sezi oswa nominasyon yon administratè. Tout delè lalwa preskri pou egzèse dwa yo nan kad yon litij ap aplike pou tout abitraj ant ou menm ak Bank lan. Dispozisyon ki nan akò abitraj sa a ap rete anvigè menmsi Kat la oswa relasyon ki genyen ant ou menm ak Bank lan ta fini, chanje oswa ekspire.

e. **Depans ki fèt nan kad abitraj.** Se règ oswa pwosedi Administratè abitraj la bay k ap detèmine depans ki fèt nan kad abitraj la, sof si lalwa limite depans sa yo. Tanpri konsilte Administratè abitraj la pou konnen ki depans k ap fèt pou yon abitraj ou ka gen pou depoze. Si lwa ki aplikab nan eta kote ou te ouvri Kat ou limite kantite depans ou ka gen pou peye, yo pap ka mande w peye pou plis depans pase limit sa a. Sof si sa ta depaman ak lalwa, chak Pati ap gen pou l peye depans pwòp avoka, espè ak temwen pa l, kèlkeswa Pati abitraj la bay rezon.

21. FASON NOU KA KONTAKTE W POU KESYON JESYON KAT LA.

Ou dakò nou ka rele w ak/oswa voye w mesaj tèks detanzantan nan nimewo telefòn (yo) ki asosye ak Kat la, tankou nan nimewo telefòn selilè w, menmsi w gen pou peye pou itilize telefòn selilè a, pou nou ka byen jere Kat ou. Fason n ap kontakte w nan telefòn oswa nan mesaj tèks gen ladan I, san pa gen limit nan sa, mesaj vokal ki gentan anrejistre davans/atifisyèl ak/oswa sistèm telefòn otomatik. Mete sou sa, ou dakò pou nou voye imèl ba w nan adrès imèl ou te ba nou an pou n ka byen jere kat ou.

22. KONTAKTE NOU.

Nan telefòn.

1-888-898-3584

711 pou moun ki gen pwoblèm tande.

Pa ekri.

Customer Account Services

P.O. Box 245997

San Antonio, Texas 78224-5997

23. LIMIT KI GENYEN PA JOU SOU TRANZAKSYON YO.

Pandan chak peryòd 24 édtan, apati minui jiska minui, nan lè santral, ou pa ka retire plis pase \$500 ototal nan ATM. Si w bezwen retire plis pase \$500, ou ka retire plis lajan nan gichè ki anndan Bank lan, oubyen nan nempòt lòt bank oswa sendika kredi ki bay kat kredi oswa kat debi ki gen menm logo rezo ki sou Kat ou a. Pou rezon sekirite, ka gen lòt limit sou kantite lajan ak kantite tranzaksyon ou ka fè ak Kat la.

24. LIS TARIF YO.

- Peman tarif Bank lan mande yo. Nou mete Tarif Bank lan mande ki mache ak Kat ou a pi ba. N ap retire montan sa yo sou Kont Kat ou a otomatikman.
- Tarif lòt pati mande yo. Lè w itilize yon ATM ki pa pou nou, operatè oswa pwopriyetè ATM nan, oswa rezo ou itilize a, ka mande w peye yon kòb (epi yo gendwa mande w peye yon kòb tou si w konsilte balans ou, menmsi w pa fè okenn transfè lajan). Anplis, lòt pati gendwa mande w peye yon kòb lè w itilize Kat ou, tankou (i) magazen ak komèsan yo lè w achte yon bagay nan yon tèminal, ak (ii) lòt bank ak enstitusyon finansye lè w retire lajan nan sikisal yo.
- Dwa pou pa peye yon tarif. Nempòt dwa ou genyen pou pa peye yon tarif valid pou yon peryòd patikilye sèlman. Sa vle di dwa sa a ekspire lè peryòd nou idantife anba a fini.

Lis tout tarif ki mache ak Kat ki peye davans nan kad pwogram asirans chomaj eta Florid la

Tout tarif	Kantite lajan	Detay
Depans lajan		
Tranzaksyon nan yon tèminal vant	\$0.00	Pa gen tarif pou tranzaksyon ou fè ak nimewo idantifikasyon pèsonèl ou (kòd PIN) oswa ak siyati w nan yon tèminal nan Etazini.
Pran lajan kach		
Tiraj lajan nan ATM (ki nan rezo a)	\$0.00	Pa gen tarif lè w retire lajan nan yon ATM ki nan rezo a. "Nan rezo" a vle di nan rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak nan rezo ATM MoneyPass la. W ap jwenn kote yo ye yo sou wellsfargo.com/locator/ ak sou moneypass.com/atm-locator.html.
Tiraj lajan nan ATM (ki deyò rezo a)	\$2.25	Sa se tarif pa nou. Deyò rezo" a vle di tout ATM ki pa fè pati rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak rezo ATM MoneyPass la. Mete sou sa, operatè ATM lan ka mande w peye yon kòb, menmsi w pa fè okenn tranzaksyon.
Tiraj lajan avèk èd anplwaye ki nan gichè a	\$3.00	Ou gen dwa pou retire lajan yon sèl fwa avèk èd anplwaye ki nan gichè a nan yon bank oswa yon sendika kredi ki manm Visa pou chak depo ki fêt nan yon mwa sivil san w pa peye pou sa.
Enfòmasyon		
Konsiltasyon balans nan ATM (nan rezo a)	\$0.00	Ou pap peye anyen pou konsilte balans ou nan yon ATM ki fè pati rezo a. "Nan rezo" a vle di nan rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak nan rezo ATM MoneyPass la.
Konsiltasyon balans nan ATM (deyò rezo a)	\$0.75	Sa se tarif pa nou. "Deyò rezo" a vle di tout ATM ki pa fè pati rezo ATM Wells Fargo Bank lan ak rezo ATM MoneyPass la. Mete sou sa, operatè ATM lan ka mande w peye yon kòb, menmsi w pa fè okenn tranzaksyon.
Alèt pou mèt kat la	\$0.00	Ou pap peye anyen pou alèt nou voye mèt kat la nan imèl, nan telefòn oswa nan mesaj tèks. Konpayi telefòn selilè w oswa founisè sèvis Entènèt ou ka mande w peye pou sa.
Sèvis kliyan	\$0.00	Ou pap gen pou peye anyen si w rele liy sèvis kliyan nou an, menmsi se pou mande ki balans ou genyen.
Aksè ak kont kat la sou Entènèt	\$0.00	Ou pap peye anyen pou aksede ak enfòmasyon sou kont ou sou EPPICard.com.
Itilizasyon Kat ou nan peyi ki pa Etazini		
Tiraj lajan nan ATM lòt peyi	\$2.25	Sa se tarif pa nou. Mete sou sa, operatè ATM lan ka mande w peye yon kòb, menmsi w pa fè okenn tranzaksyon. W ap gen pou peye yon tarif pou tranzaksyon entènasyonal tou.
Tarif pou tranzaksyon entènasyonal	3%	Sou montan an, kélkeswa tranzaksyon an, an dola ameriken. Sa gen ladan I tiraj nan ATM. Tranzaksyon ki fêt nan teritwa Etazini yo pa tranzaksyon entènasyonal.
Lòt		
Ranplasman Kat	\$4.00	Ou gen dwa pou jwenn 1 kat ranplasman nan chak peryòd avantaj san w pa peye anyen pou sa. Delè livrezon nòmal la pou kat yo se 7 a 10 jou sivil.
Livrezon kat rapid	\$14.50	Si w mande nou voye kat ranplasman w lan pi rapid olye nou voye I fason nou toujou konn voye I la, w ap gen pou peye tarif pou livrezon kat rapid la anplis tarif ou sipoze peye pou ranplasman kat la. Delè livrezon rapid la pou kat yo se 3 a 5 jou sivil.
Transfè lajan atravè sistèm repons vokal entèraktif la (Interactive Voice Response, IVR)	\$1.50	Chak transfè ki soti nan kat debi ki peye davans lan pou ale sou kont an bank pèsonèl ou gen yon tarif.

Lajan w kalife pou benefisyé asirans FDIC a epi lajan sa a ap rete oswa transfere nan Wells Fargo Bank, N.A., yon enstitisyon FDIC asire. Kou I rive, lajan w ap benefisyé asirans FDIC a pou jiska \$250,000 pou sizoka Wells Fargo ta fè fayit, depi ou respekte tout egzijans asirans lan mete pou depo yo. Ale sou fdic.gov/deposit/deposits/prepaid.html pou jwenn plis enfòmasyon sou sa.

Pa gen opsyon pou dekovè/kredi.

Kontakte sèvis kliyan EPPICard la nan nimewo telefòn 1-888-898-3584 oswa pa lapòs nan adrès P.O. Box 245997, San Antonio, TX 78224-5997, oubyen ale sou sit EPPICard.com.

Pou jwenn enfòmasyon jeneral sou kont ki peye davans yo, ale sou cfpb.gov/prepaid.

Si w gen yon plent pou yon kont ki peye davans, rele Consumer Financial Protection Bureau a nan 1-855-411-2372 oswa ale sou cfpb.gov/complaint.